

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan sarta hasil analisis data tilikan morfologis campur kode Sunda-Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér di STV Bandung (Édisi Januari-Februari 2007), ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Wangun campur kode nu aya dina pagelaran seni banyolan longsér nya éta lolobana nyisipkeun unsur kecap, boh kecap asal boh kecap jembar.
- (2) Faktor anu ngabalukarkeun munculna campur kode dina pagelaran seni Banyolan Longsér nya éta ku sabab ayana faktor kadwibahasaan. Salian ti éta, dumasar hasil angkét faktor séjén nu ngabalukarkeun munculna campur kode nya éta ku sabab euweuh dina basa Sunda jeung hésé narjamahkeuneunana, aya muatan heureuy, sangkan teu monoton, sangkan ngirut ati nu nongton, sarta méh gaya. Hal ieu téh bisa katitén dina jawaban angkét nomor salapan jeung sapuluh. Faktor nu ditepikeun ku Suwito yén butuh sinonim pikeun nambahan kabeungharan kecap jeung ayana kahayang pikeun medar jeung napsirkeun sarta faktor anu ditepikeun ku Nababan yén panyatur hayang némbongkeun kapinteran jeung jabatan teu cocog kana ieu panalungtikan.
- (3) Dumasar kana data unggal pagelaran para pamaén rata-rata ngahasilkeun 402 kalimah anu diwangun ku 2072 kecap sarta dina satiap pagelaran rata-

rata 20 kali ngagunakeun campur kode. Salian ti éta, dina data di luhur katitén yén campur kode Sunda-Indonesia kawilang saeutik nya éta kurang leuwih 0,9% tina 2072 kecap tiap pagelaran. Sok sanajan kitu, campur kode tina basa Sunda (B1) kana basa Indonesia (B2) teu bisa disingkahan.

(4) Prosés morfologis nu ngalaman campur kode nu kapanggih dina pagelaran seni Banyolan Longsér nya éta aya 115 kecap nu ngawengku: 18 (15,6%) kecap asal, 76 (66,1%) kecap rundayan, 11 (9,6%), kecap rajékan, jeung 10 (8,7%) kecap kantétan. Wangun anu panglobana nya éta wangun rundayan. Sedengkeun wangun nu kapanggih dina éta kecap rundayan nya éta: -na, -an, pe-, ter-, me-kan, me-i, ke-an, -in, N-/me-, pe-an, ber-, -keun, di-keun, diper-kan, -is, -i, di-, se-/sa-. Wangun campur kode anu kapanggih mangrupa injeuman tina basa Indonesia sarta harti anu nyampak dina éta wangun nya éta:

- 1) kecap barang (Nomina);
- 2) kecap sipat (Ajectiva);
- 3) kecap pagawéan (Verba);
- 4) kecap bilangan (Numeral);
- 5) kecap pancén

5.2. Saran

Sabada panalungtikan ngeunaan tilikan morfologis campur kode Sunda-Indonesia dina pagelaran seni Banyolan Longsér, ieu di handap rék diébréhkeun sababaraha saran.

- 1) Hasil panalungtikan ngabuktikeun, réana kecap injeuman bisa ngajembaran mekarna basa Sunda ti waktu ka waktu luyu jeung kamekaran élmu pangaweruh jeung téhnologi, ku kituna kosa kecap dina kamus basa Sunda kudu dilengkepan deui.
- 2) Pikeun para pamaén longsér dipiharep sangkan ulah kalalanjoanan ngagunakeun kecap injeuman salila masih kénéh bisa ngagunakeun kecap basa Sunda.
- 3) Pikeun nyingkahan ayana campur kode (Sunda-Indonesia), para pamaén kudu leuwih ngajembaran kosa kecap basa Sunda.
- 4) Dumasar angkét ti lapangan ngeunaan hirup-huripna longsér sangkan tetep nanjeur ku kituna kudu aya lembaga nu ngokolakeun.

